# Қарақалпақстан аймағында «цистанхе» өсимлиги тәжрийбе тийкарында жетистирилетуғын болды

2023-жыл 3-июль күни Синцзян экология ҳәм география институтының бир топар алымлары Қарақалпақстандағы сапары даўамында Арал бойы халықара инновацион орайы директоры Б.Хабибуллаев пенен ушырасып, «цистанхе» дәри өсимлигин жетистириў бойынша ис-илажлар режеси белгилеп алынды. Буннан соң, мийманларымыз Шымбай районы ҳәкими А.Тажетдинов пенен ушырасты ҳәм район аймағында «цистанхе» өсимлигин жетистирилетуғын жер майданлары бойынша усынылған жойбарлар кеңнен көрип шығылды.